



Jounen aksyon pou pwoteje klima nan konsève enèji: Mèkredi 4 fevriye

Ann konsève enèji

Èske w te konnen? Nan Vil Nouyòk, itilizasyon enèji nan bilding se pi gwo sous emisyon gaz ki lakòz chanjman klima.

Se poutèt sa n ap konsève enèji ni nan gwo aksyon ni nan ti aksyon. Aksyon senp tankou etenn limyè ak debranche aparèy lè nou pap itilize yo ka fè yon diferans!

Patisipe avèk nou 4 fevriye pou chèche fason pou konsève enèji nan lekòl ak lòt kote.

De fason Lekòl Leta Vil Nouyòk ap redui emisyon ki gen rapò avèk enèji:

1 Ranplase enèji ki la avèk enèji pwòp, ki ka renouvle

Yo deja enstale 129 pwojè enèji solèy nan bilding lekòl, epi yo gen pou enstale plis toujou.

2 Amelyore efikasite

Yo amelyore sistèm ekleraj ak mekanik pou yo itilize mwens enèji.

Jwenn plis enfòmasyon sou jounen aksyon pou pwoteje klima a:

on.nyc.gov/ClimateActionDays

